



Office of Temporary and Disability Assistance

BIWO ODYANS ADMINISTRATIF

AVI SOU ODYANS NAN TELEFÒN

Ou gen randevou pou yon odyans nan telefòn. Ou pa bezwen ale nan Biwo Odyans San Patipri a.

Avi sou Odyans San Patipri a gen ladan dat ak lè odyans nan telefòn nan.

Gen plizyè odyans ki pwograme chak èdtan. Odyans yo ka kòmanse nenpòt kilè nan lè ki pwograme a. Ou menm ak nenpòt reprezantan otorize (yo) dwe disponib epi reponn yon apèl telefòn Ofisyè Odyans lan apati lè ki endike nan avi sou randevou a. Odyans yo ka kòmanse pi ta pase lè ki pwograme a. Tanpri rete disponib pou plis pase inèdtan si ou pokò resevwa yon apèl Ofisyè Odyans lan.

Apèl Ofisyè Odyans lan ka parèt sou Idantifikasyon Apelan tankou 518.549.0500, 518.391.4565, 212.459.7801, oswa Bloke, Restrenn, Pa Disponib, etc.

W ap kapab tandem prezantasyon ajans lan nan telefòn epi w ap gen yon chans pou w poze reprezantan ajans lan ak nenpòt temwen kesyon. Ou ka eksplike pwennvi w sou pwoblèm nan.

Ou dwe voye kopi prèv dokimantè yo bay OAH omwen de jou ouvrab anvan odyans lan. OAH aksepte prèv atravè lapòs Etazini, faks, oswa atravè pòtay pou telechaje dokiman an sekirite. Si w ap itilize lapòs Etazini, tanpri konsidere tan livrezon an pou asire prèv la livre alè.

Telechajman an sekirite: UpLoad.NY.gov; Sèvi ak idantifyan koneksyon MyBenefits ou a

Faks: 518-473-6735

Pa Lapòs: Office of Administrative Hearings
40 N. Pearl St, Fl 15B, Albany NY 12243

Oswa

PO Box 1930 Albany NY 12201

Tanpri rele biwo sa a gratis nan 800-342-3334 si w gen kesyon.

Avi sou Odyans nan Telefòn
Lèt D (Anekse avèk OAH-457)